QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń
## sanaat islep shıǵarıwı
### 2023- jıl yanvar-iyun ayları
### (dáslepki maǵlıwmat)



**Tel.: 61-222-75-87**

*www.qrstat.uz*

*2023- jıl yanvar-iyun aylarında*

mlrd. som

110,2 — Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

Islep shıǵaratuǵın sanaat — 6771,1

933,6 — Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Suw menen támiyinlew kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw — 49,0

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 7863,9 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 90,5 % ti quradı.

mlrd. som




FKI* % te

188,9 — Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

90,6 — Islep shıǵaratuǵın sanaat

82,5 — Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

87,8 — Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, 6771,1 mlrd.som, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 86,1 % ti quradı.




* Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń kemeyiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 9,4 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw – 17,5 % ke suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 12,2 % ke kemeygenligi esaplanadi. Sonday-aq, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew– 88,9 % ke ósiwi gúzetildi.

**Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew**







Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 110,2 mlrd. somdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 1,4 % tin quradı.



*2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında*

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te

**Hák tas**




**Tábiyiy gaz**




| Sanaat ónimleri | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, tonna | 123148,1 | 89833,7 | -33314,4 |
| Tábiyiy gaz, mln. kub.m. | 712,6 | 520,4 | -192,2 |

**Gaz kondensatı**




| Sanaat ónimleri | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Gaz kondensatı, mıń t. | 39,9 | 31,7 | - 8,2 |

*2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında*







2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 6771,1 mlrd. somdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 86,1 % tin quradı







Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,01 % ti (2022- jıl yanvar-iyun 0,2 %), orta-joqarı texnologiyalı –50,6 % (61,7 %), orta-pás texnologiyalı 5,0 % (4,6 %) hám pás texnologiyalısı – 44,4 % (33,5 %) ti quradı.



Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi –51,0 % (2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 72,8 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 19,8 % (2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 106,9 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 21,9 % (2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 104,5 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,7 % (2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 81,1 %) quradı.

**Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti**
**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te**



2023- jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 4,1 mıń tonna tazalanǵan gúrish (2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 190,3 % ke), 3,6 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (47,7 %), 8,8 mıń tonna iyirilgen jip (4,4 %), 28,1 mıń tonna paxta shigiti (1,4 %), islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge,1598,6 mıń litr araq (8,9 %), 17,7mıń tonna paxta talası (3,0 %), 138,8 mıń tonna portlandcement (3,4 %), 30,9 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (51,1 %) islep shıǵarılıp, 2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

**Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw**

| Sanaat ónimleri | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Araq, mıń litr 100 % li spirt | 1755,5 | 1598,6 | -156,9 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 2407,8 | 3555,6 | 1147,8 |
| Paxta talası,t | 18289,8 | 17735,3 | -554,5 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı t. | 63233,2 | 30894,5 | -32338,7 |
| Polietilen, mıń t. | 150,2 | 129,0 | - 21,2 |
| Polipropilen, mıń t. | 42,3 | 38,1 | -4,2 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 61,7 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 95,8 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 50,3 % ti, fizikalıq kólem indeksi 72,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 3405,8 mlrd. somdı quradı.




## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 13,3 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 106,9 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 17,9 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi6,9 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1214,2 mlrd. somdı quradı.

## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 16,3 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 87,3 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 20,5 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 5,9 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1386,1 mlrd. somdı quradı.



## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,4 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 108,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,7 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 18,9 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 251,8 mlrd. somdı quradı.




## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,3 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 107,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,8 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 107,6 % ti quraǵan bolsa, islep shıǵarıw kólemi 125,0 mlrd. somdı quradı.

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 1,0 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 132,8 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 1,4 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 90,7 % ti quraǵan bolsa, islep shıǵarıw kólemi 92,0 mlrd. somdı quradı.



## Mebeller islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında mebel ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,6 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 119,1 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,6 % ti, fizikalıq kólem indeksi 225,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 105,6 mlrd. somdı quradı.




## Rezina hám plastmassa ónimler islep shıǵarıw




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında rezina hám plastmassa ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 146,9 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 124,0 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 48,9 mlrd. somdı quradı.

## Basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında juwmaǵına bola, basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quradı, fizikalıq kólem indeksi bolsa 166,2 %.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti, fizikalıq kólem indeksi 59,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 36,7 mlrd. somdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 933,6 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 11,9 % tin) quradı.

2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 82,5 % ti quradı.







### Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln. kVt.s | 2820,4 | 2577,6 | -242,8 |
| Issılıq energiyası, mıń gkal | 28,5 | 25,6 | -2,9 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 49,0 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı.







## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, mln. som | 4198,8 | 4294,8 | 96,0 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln. som | 9468,4 | 5072,1 | -4396,3 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler 2,3 % óskenligi hám qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler 46,4 % ke kemeygenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 1287,1 mlrd. somdı quradı hám 2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 112,7 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 16,4 % ti quradı.

### Azıq-awqat ónimleri











Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıwınıń ósim páti (112,7 %) darejesinen joqarı kórsetkish Nókis (237,0 %), Xojeli (219,6 %), Kegeyli (141,8 %), Ámiwdárya (133,3 %), Bozataw (127,1 %), Ellikqala (123,9 %), Shomanay (119,9 %), Beruniy (115,8 %), Qaraózek hámde Moynaq (114,1 %) rayonlarında quradı.

Sonday-aq 2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda pás ósim páti kórsetkishleri Taxtakópir (56,4 %), Tórtkúl (87,7 %), Taqıyatas (92,6 %) rayonında hámde Nókis qalasında (95,3 %) gúzetildi.

### Aziq-awqat emes ónimler

Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıw quramında azıq-awqat ónimleri 81,4 %, azıq-awqat emes ónimler 18,6 % ti quradı. 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında tutınıw ónimleriniń jámi kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi 62,9 %, azıq-awqat emes ónimlerdiń úlesi 37,1 % ti quradı.

Sonday-aq, 2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda azıq-awqat ónimleriniń ósim páti 106,9 %, azıq-awqat emes ónimler ósim páti 147,5 % ti quradı.











## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 20,2 % ti, sonday-aq, Xojeli rayonı 12,4 % ti,Taqıyatas rayonı 12,2 % ti, Beruniy rayonı 7,7 % ti,Tórtkúl rayonı 7,4 % ti, Ellikqala rayonı 7,0 % ti, Ámiwdáryar ayonı 7,2 % ti hám Shımbay rayonı 5,5 % ti quradı.




Qaraqalpaqstan Respublikası

1229,6 mlrd. som

2021- jıl yanvar-iyun

1425,1 mlrd. som

2022- jıl yanvar-iyun

1287,1 mlrd. som

2023- jıl yanvar-iyun




islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalası 13,5 % ti, Xojeli rayonı 12,0 % ti, Ellikqala rayonı 11,2 %, Tórtkúl rayonı 10,5 % ti, Ámiwdárya rayonı 9,8 % ti hám Beruniy rayonı 5,9 % ti quradı.












## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalası na tuwrı kelip 21,8 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 14,5 % ti, Xojeli rayonı 12,5 % ti, Beruniy rayonı 8,2 % ti, Tórtkúl rayonı 6,7 % ti, hámde Ámiwdárya rayonı 6,6% ti quradı.

751,3 mlrd. som
2021- jıl yanvar-iyun

896,5 mlrd. som
2022- jıl yanvar-iyun

1047,4 mlrd. som
2023- jıl yanvar-iyun









## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 44,8 % ti), Taqıyatas (13,3 %), Qońırat (7,0 %), Tórtkúl (5,0%), Ámiwdárya (4,7 %) hám Beruniy (4,4 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

2021- jıl 8297,4 mlrd. som

2022- jıl 8864,8 mlrd. som

2023- jıl 7863,9 mlrd. som



2021- jıl 107,2 %

2022- jıl 100,5 %

2023- jıl 90,5 %




ósim páti

mlrd. som

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Taqıyatas rayonında (13709,0 mıń som), Nókis qalasında (10507,5 mıń som) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (3968,6 mıń som) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




2021- jıl
4303,9 mıń som

2022- jıl
4533,4 mıń som

2023- jıl
3968,6 mıń som



2021- jıl 105,9 %

2022- jıl 99,1 %

2023- jıl 89,3 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 649,5 mıń som bolǵanda Taqıyatas rayonında 2060,3 mıń somdı, Xojeli rayonında1246,8 mıń somdı, Nókis rayonında 922,8 mıń somdı, Moynaq rayonında 904,8 mıń somdı hám Taxtako'pir rayonında 742,7 mıń somdı quradı.











## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 2057,1 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 26,2 % ti quradı

2021- jıl
1556,3 mlrd. som

2022- jıl
1634,3 mlrd. som

2023- jıl
2057,1 mlrd. som



2021- jıl
18,8 %

2022- jıl
18,4 %

2023- jıl
26,2 %



## Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3372 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1860 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 55,2 %) Nókis qalasına 613 (18,2 %), Ámiwdárya rayonına 322 (9,6 %),Tórtkúl rayonına 319 (9,5 %), Ellikqala rayonına 311 (9,2 %), Beruniy rayonına 295 (8,7 %) tuwrı kelmekte.

Jami jańadan ashılǵan kárxanalar

460 dana
2021- jıl yanvar-iyun

455 dana
2022- jıl yanvar-iyun

988 dana
2023- jıl yanvar-iyun



Jami hárekettegi kárxanalar

3146 dana
2021- jıl 1-iyul jaǵdayına

3383 dana
2022- jıl 1-iyul jaǵdayına

3372 dana
2023- jıl 1-iyul jaǵdayına



## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

Qaraqalpaqstan Respublikadaǵı sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı da óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberinde kiritilgen 13 joybar boyınsha239,1 mlrd.somlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 9,3 mln AQSh dollari muǵdarında eksport qılındı.

Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde 2023- jıldıń yanvar-iyun aylarında 57 jańa jumıs orınları jaratıldı ham ótken jıldıń sáykes dáwirne salıstırǵanda jańadan jaratılǵan jumıs orınları sanı 32,9 % ke kemeygen. Sonıń menen birge 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda jergiliklestirilgen ónimler eksportı kóleminiń óskenligi gúzetildi.

| | 2022- jıl yanvar-iyun | 2023- jıl yanvar-iyun |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, *birlikte* | 43 | 13 |
| Kárxanalar sanı, *birlikte* | 24 | 12 |
| Islep shıǵarıw kólemi, mlrd.som | 280,5 | 239,1 |
| Jańadan jaratılǵan jumıs orınları, *birlikte* | 85 | 57 |